

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: Moun ki pa Gen Kay



Esi mwen pa gen kay pou m rete?

Si w pa gen kay pou w rete, ou gen menm dwa ak privilèj ak moun ki gen kay pou rete pou aplike pou benefis SSI.

Kouman m ap resevwa benefis SSI mwen si mwen pa gen kay pou rete?

Si w pa gen kay pou rete, men kèk nan fason ou ka resevwa benefis SSI ou:

- ▶ ou ka al pran chèk ou nan biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou;
- ▶ ou ka fè yo depoze benefis ou dirèkteman sou kont pèsonèl ou gen labank;
- ▶ ou ka fè yo voye benefis ou yo ba yon twazyèm pati pa lapòs; oswa
- ▶ ou ka fè yon manm fanmi oswa yon lòt twazyèm pati asiyen kòm yon [benefisyè reprezantan ou](#).

Èske si m ap viv nan yon enstitisyon sa afekte benefis SSI mwen?

Wi. Lè w ap viv nan yon refij, etablisman tretman medikal oswa yon sant koreksyonèl, sa ka afekte benefis SSI ou.

Answit, chak ane Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) ofri sibvansyon pou enstitisyon yo, ki rele **lojman sennesòf** (safe haven), ki ofri lojman sipò pou pri ki ba anpil pou moun ki pa gen kay ki pa vle oswa ki pa anmezi pou patisipe nan pwogram tretman sante mantal oswa pou resevwa lòt sèvis sipò. Yon moun k ap viv nan yon lojman sennesòf p ap gen benefis SSI li ki diminye pou sipò ak antretyen li jwenn nan lojman sennesòf la.

Ebèjman

Pou plis enfòmasyon sou Ebèjman, tanpri ale nan [Kontra pou Rete nan Kay, Benefis ki Kontinye pou Moun Ki nan yon Enstitisyon Tanporè](#), ak [Pwosedri anvan Egzeyat](#). Epitou, gade enfòmasyon sou [Pwogram Benefisyè Reprezantan](#).

Pa gen kay

Pou plis enfòmasyon, tanpri ale nan wèbsayt Itinerans Sekirite Sosyal nan, [Sèvis pou moun ki pa gen kay](#).